

Reyouvri Vil New York: Kisa Estidyo Bote ak Kwafè yo Bezwen Konnen

Kounye a ke Vil New York (NYC) te satisfè etap enpòtan sou plan sante piblik yo ki pèmèt [Dezyèm Faz](#) reyouvèti a, **estidyo bote ak kwafè yo** kapab reyouvri. Estidyo bote ak kwafè ki ap reyouvri dwe swiv nouvo òdonans yo.

Pou repons ak kesyon enpòtan sou re-ouvèti a, tanpri li "[Reopening New York City: Frequently Asked Questions](#)" (Re-ouvèti Vil New York: Kesyon Moun Poze Souvan yo). Se pa tout kesyon yo ki pral enpòtan, men nou espere ke sa a ap ede ou aplike nouvo egzijans yo. [Paj biznis pou COVID-19](#) Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la genyen enfòmasyon ak zouti anplis pou re-ouvèti a ak pou kenbe operasyon yo pandan ijans sante piblik COVID-19 la.

Tcheke nyc.gov/health/coronavirus pou mizajou. Egzijans Vil ak Eta a yo ka chanje a mezi n ap aprann plis sou COVID-19 ak pi bon fason pou diminye transmasyon epi pwoteje moun New York yo.

Sonje kat (4) aksyon enpòtan yo pou anpeche transmasyon COVID-19:

- **Rete lakay ou si ou malad:** Rete lakay ou si ou malad sof si w ap soti pou al pran swen medikal ki esansyèl (tankou al fè tè) oswa fè lòt komisyon ki esansyèl yo.
- **Distans fizik:** Rete nan yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.
- **Mete yon kouvèti pou figi:** Pwoteje moun ki bò kote ou yo. Ou ka kontajye san ou pa gen sentòm yo epi ou ka pwopaje maladi a lè ou touse, estène oswa pale. Kouvèti pou figi yo ede redwi pwopagasyon COVID-19.
- **Pratike ijyèn men pwòp:** Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl si savon ak dlo pa disponib; netwaye sifas moun touche souvan yo regilyèman; evite manyen figi ou avèk men ou san lave; epi kouvri bouch ou ak bra ou lè ou ap touse oswa etènye, pa itilize men ou.

Byenke ou ka kapab reyouvri sit travay ou yon fwa ou swiv etap ki anba yo, pi bon fason pou diminye pwopagasyon COVID-19 epi pwoteje anplwaye yo se kontinye travay de lakay otank posib. Ansanm nou kapab redwi transmasyon COVID-19 nan NYC.

Kisa mwen dwe fè legalman pou m re-ouvri biznis mwen an?

Etap ki obligatwa anvan ou re-ouvri

- Devlope yon [Plan Sekirite](#) epi afiche li nan sit travay ou.
- Li [direktiv Eta New York yo](#) epi afime konfòmite. Eta a egzije pou ou afime ke ou te revize ak konprann direktiv Eta a preskri pou endistri yo epi ke ou pral aplike yo. Ou ka ranpli fòm afimasyon an nan forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.
8.17.20